

## Nap ede ou pran swen tèt ou

Gwoup ki rele Women's Health Network lan ofri sèvis sa yo:

- Enfòmasyon sou sante tete ak matris
- Ekzamen tete nan klinik
- Mamogram
- Ekzamen papa nikola ak ekzamen pèlvís
- Lòt evalyasyon ak lòt tès

### Ou kapab kalifye pou pwogram sa a si:

- Ou fè limit lajan pou fè a, epi
- Ou pa genyen asirans medikal osnon
- Asirans medikal ou an pa kouvari sèvis sa yo, epi
- Ou gen 40 a 64 an daj, osnon
- Ou genyen 18 a 39 an daj epi ou pa janm fè tès papa nikola oswa ou gen 5 an ou pa fè tès papa nikola.

Sa fanm di de gwoup ki rele  
Women's Health Network lan:

"Yo te trete mwen ak  
bonjan respè nan tout  
swen yo ban mwen.

Yo pa janm fè m malalèz ni  
yo pa banm vag paske mwen pa gen  
ase asirans."

--Kliyan, WOMEN'S HEALTH NETWORK

**Pa Bliye:**  
*Konnen si ou gen  
kansè nan matris kapab  
ede sove lavi ou.*

**Pran yon ti tan pou w rele  
defason pou ou kapab  
konnen si ou kalifye pou  
sèvis sante gratis pou tete  
ou ak matris ou. Rele  
nimewo gratis lan jodiya  
pou plis enfòmasyon:**

**1-877-414-4447**



Se Depatman Sante Publik Massachusetts ki patwone  
gwoup Women's Health Network lan ak lajan depatman  
pou kontwole maladi nan Etazini ak kò lejislatif  
Massachusetts te ba yo.

Se Fondasyon Medikal nan depatman Massachusetts  
pou pwomosyon lasante ki te prepare sa a (1er jen)

[www.maclearinghouse.com](http://www.maclearinghouse.com)

HAITIAN

**Sa Oumenm  
ta dwe  
konnen sou  
Kansè  
nan  
Matris**



**Èske mwen kapab genyen kansè nan matris fasil?** Chak ane, yo dekouvrir 15 mil fi nan peyi Etazinii ki fè kansè nan matris. Kòl matris lan se bout anba matris lan. Si yo detekte kansè nan kòl matris lan bonè, li kapab trete. Yo kapab anpeche kansè nan kòl matris.

**Èske kansè nan kòl matris kapab rive a lanmò?** Wi. Fi mouri chak ane paske yo vin wè ke yo fè kansè nan kòl matris jiskaprè li fin twò ta, lè li deja twò ta pou ta geri maladi an.

**Èske m kapab wè si m fè kansè nan kòl matris?** Leplisouvan pa gen siy ke yon fi kapab santi oswa wè. Si ou genyen likid kap koule paba oswa wap bay san apre oswa avan ou gen règ ou, di doktè ou sa.

**Ki meyè fason pou anpeche kansè nan kòl matris?** Se pou ta fè yon ekzamen nan basen ou oswa yon tès papa nikola chak ane osnon sa doktè ou mande pou fè. Sa kapab sove lavi ou.


**Ki sa yon ekzamen basen ye?** Doktè ou tcheke bòbòt ou, matris ou, pòch ze yo, tib matris yo, blad pipi ou, ak dènye bout trip ou pou yo kapab sèten ke tout bagay kòrèk.

**Ki sa yon tès papa nikola ye?** Doktè pran yon aplikatè ak koton ki long oswa yon bwòs pou fè tès pou wè si gen selil ki pa nòmal oswa ki gen kansè. Tès papa nikola a kapab dekoutri selil ki pa nòmal avan yo vin tounen kansè.

**E si tès papa nikola m lan pa soti nòmal?** Ou ka bezwen plis tès pou tcheke basen ou. Pou anpeche kansè nan basen ou, li trè enpòtan pou fè lòt tès sa yo epi pou swiv konsèy doktè ou. Selil ki pa nòmal leplisouvan kapab trete. Se pou fin swiv tout tretman ou bezwen yo pou anpeche kansè an.

**Kilès ki ta dwe fè ekzamen basen an ak tès papa nikola an?** Tout fi ki gen 18 an daj ta dwe fè ekzamen basen ak tès papa nikola chak ane oswa daprè sa doktè yo di yo. Tout fanm kèlkeswa laj yo, depi li nan fè sèks ta dwe fè yon tès papa nikola.

**Ki meyè lè pou fè tès papa nikola?** Tès sa a ta dwe fèt 10 a 30 jou apre premye jou règ ou. Pa sèvi ak eponj pou tiye dechay, pa sèvi ak krèm, ni pomad, ni medikaman pou bòbòt pou 2 jou avantès lan paske gen delè bagay sa yo kapab bouche selil ki pa nòmal yo. Pou fi ki pa gen règ ankò, yo kapab fè tès papa nikola nenpòt lè nan mwa an.



**Ki kote m ka al fè yon tès papa nikola?** Ou kapab al fè tès papa nikola nan sant planin familyal, nan sant de sante kominote an, kay doktè ou oswa kay doktè ki espesyalize pou maladi fi, osnon nan kèk lopital. Konsatou, ou kapab rele nimewo gratis lan, se 1-877-414-4447 pou yon lis kote ki fè tès papa nikola ak lòt swen pou basen nan zòn bò kote ou lan.

**Èske m toujou bezwen fè tès papa nikola apre menopoz?** Wi, amwenske ou te fè operasyon pou retire matris ou ak basen ou.

**E si m pa gen onkenn asirans medikal oswa asirans mwen an pa vle peye pou yon ekzamen pou basen mwen?** Gwoup Women's Health Network lan bay swen gratis pou pati basen pou fi nan Massachusetts. Nan tès gratis sa a, genyen ekzamen basen an plis tès papa nikola an.

**Kouman pou m fè pou m kalifye pou gwoup Women's Health Network lan?** Ou kapab kalifye pou sèvis si ou genyen ant 40 a 64 an daj oswa plis, si ou fè limit lajan pou fè an epi si ou pa gen asirans medikal oswa si asirans medikal ou an pa kouvri sèvis sa yo. Fi ki genyen de 18 an 39 an daj ki pa janm fè yon tès papa nikola oswa ki pa fè tès papa nikola depi 5 ane kapab kalifye tou.

**Rele nimewo gratis lan, se 1-877-414-4447 pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon lokal gwoup Women's Health Network bò kote ou lan.**